



Biwo Detansyon Imigrasyon Ombudsman (OIDO)

OIDO se yon resous endepandan, san patipri, ak konfidansyèl pou kesyon yo ki konsène kondisyon detansyon imigrasyon nan Depatman Sekirite Enteryè Etazini [U.S. Department of Homeland Security (DHS)].

Kisa yon Ombudsman ye?

Yon Ombudsman se yon ofisyèl gouvènman nonmen ki gen responsablite pou l yon pati konfidansyèl ak san patipri kap eseye rezoud plent, pwoblèm, oswa malantandi nan nivo ki pi ba ke posib.

Kisa OIDO ye?

OIDO PA fè pati nan Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwann [U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE)] oswa Pwoteksyon Fwontyè ak Ladwann Etazini [U.S. Customs and Border Protection (CBP)]. Nou se yon biwo endepandan nan katye jeneral DHS. OIDO egzamine nan fason endepandan ak san patipri dosye detni imigrasyon yo te soumèt, fanmi yo, reprezantan yo, oswa manm nan piblik la ki gen enkyetid. Nou travay avèk moun yo ki gen enterè ak patnè yo pou yo kapab ede moun yo efikasman ak nan efikasite avèk plent yo sou posib ensidan ki te kapab rive pandan yo nan detansyon imigrasyon ak detèmine si nou ka bay asistans.

Nou ka ede avèk:

- ◆ Vyolasyon lwa, estanda kondwit pwofesyonèl, estanda detansyon, oswa règleman ki gen rapò avèk detansyon imigrasyon.
- ◆ Posib move kondwit anplwaye oswa kontraktè DHS.
- ◆ Anplwaye oswa kontraktè DHS yo itilize anpil fòs.
- ◆ Lòt enkyetid osijè kondisyon yo nan etablisman detansyon imigrasyon yo.
- ◆ Vyolasyon dwa yon prizonye.

Nou PA KAPAB :

- ◆ Kominike avèk nenpòt moun men yon prizonye oswa reprezantan l sou yon dosye san pèmisyon prizonye a.
- ◆ Egzamine dosye ranvwa yo, demann pou kosyon oswa libète pwovizwa, demann pou liberasyon, oswa nenpòt lòt enkyetid ki gen rapò avèk admisyon oswa ranvwa.
- ◆ Egzamine rezon ki fè yo arete yon moun oswa yo te arete l oparavan.
- ◆ Bay konsèy legal.

KIJAN POU MANDE ASISTANS

Yon Kowòdonatè dosye OIDO pral vizite souvan etablisman sa a pou pale ak tandè detni yo an konfidansyalite.

Ou ka mande asistans nan men Kowòdonatè dosye a nenpòt kilè pou ede rezoud nenpòt enkyetid.

Ou ka mande anplwaye etablisman an pou ede w kontakte Kowòdonatè dosye OIDO pou mande asistans.

Pou w jwenn plis enfòmasyon tanpri vizite

dhs.gov/office-immigration-detention-ombudsman